

ENTWODIKSYON

Community Charter School of Cambridge (CCSC) aksepte demann enskripsyon nan men tout elèv ki se rezidan Masachousèt nan moman y ap fè demann nan. Kandida yo dwe rete rezidan Masachousèt pou yo vin elèv nan lekòl la. CCSC sèvi elèv depi nan sisyèm rive nan douzyèm ane, epi li pran nouvo elèv nan 6yèm rive nan 9yèm ane sèlman. Chak ane, lekòl la ap detèmine kantite plas ki disponib nan chak ane selon kapasite nan ane sa a ak kantite elèv nou panse k ap retounen. Lekòl la ap mete yon demann enskripsyon pa lotri disponib sou sit wèb lekòl la ak nan biwo resepsyon an. Pwosesis enskripsyon nan CCSC a pa antre nan sa distrik Cambridge Public Schools la.

KRITÈ ADMISYON POU ENSKRIPSYON

Enskripsyon nan CCSC pa gen diskriminasyon ladan epi li louvri pou elèv k ap antre nan 6yèm, 7yèm, 8yèm ak 9yèm ane epi ki se rezidan Masachousèt nan moman y ap fè demann nan, epi ki rete rezidan Masachousèt pandan yo se elèv nan CCSC. Gen de kritè pou elèv yo resevwa admisyon:

1. Li obligatwa pou fanmi yo bay prèv rezidans grasa youn nan dokiman sila yo lè y ap soumèt demann enskripsyon an: bòdwo gaz, bòdwo kouran, bòdwo kab, bòdwo dlo oswa eta kont ipotèk, oswa kontra lokasyon ki valid nan dat demann nan. Si yon fanmi pa bay prèv rezidans oswa si nou ta detèmine yon fanmi bay fo enfòmasyon rezidans, demann nan ap anile. Ou pa bezwen bay prèv rezidans si w se yon sanzazil.
2. Anvan premye jou lekòl ane li enskri a, elèv la dwe reyisi ane ki vin anvan ane I ap chèche admisyon ladan an. N ap kontakte fanmi ki pa bay prèv elèv la reyisi ane ki vin anvan an nan nimewo telefòn ak adrès postal ki sou demann oriijinal ak pake enskripsyon yo a pou fè yo konn sa, epi n ap revoke òf enskripsyon yo a.

CCSC pa fè kandida yo pase tès ni nou pa akòde enskripsyon baze sou rezulta ankenn tès kapasite oswa akonplisman. Nou mete elèv nou aksepte yo, sepandan, nan yon ane espesifik lè nou fin fè evalyasyon nivo pou yo. Se pa tout elèv n ap akòde yon plas nan ane yo fè demann enskripsyon pou li a. Elèv ki aksepte ap kenbe plas yo nan CCSC kèlkeswa ane nou mete yo ladan.

N ap fè tout kandida yo konnen alekri dwa elèv ki bezwen ansèyman diferan yo genyen pou yo vin nan lekòl chatè a ak resevwa akomodasyon ak sèvis soutyen, pami elèv sa yo gen sa ki gen dwa gen enfimite, bezwen edikasyon espesyal, oswa ap aprann lang angle. Enfòmasyon sa yo ap disponib ansanm avèk demann enskripsyon pa lotri a, sou papye enskripsyon yo, nan materyèl difizyon, sou sit wèb lekòl la ak nan mènyèl elèv la.

CCSC pa fè diskriminasyon baze sou ras, koulè, oriigin nasional, kwayans, sèks, idantite seksyèl, gwoup etnik, oryantasyon seksyèl, enfimite mantal oswa fizik, laj, oriigin zansèt, pèfòmans atlèt, bezwen espesyal, metriz lang angle oswa yon lang etranje, ni akonplisman akademik anvan sa lè n ap rekrite oswa admèt elèv. Tout enfòmasyon nou mande yo nan pake enskripsyon an, tankou lang ou pale lakay ou oswa ras/gwoup etnik ou, pa fèt ni pap sèvi pou fè diskriminasyon.

Malgre nou ankouraje anpil tout kandida yo ak paran yo pou yo vin nan yon Pòt Ouvè pou konprann misyon CCSC, CCSC pa egzije pou elèv yo ni fanmi yo vin nan entèvyou ni nan reyinyon enfòmasyon kòm kondisyon pou fè demann enskripsyon oswa vin elèv nan lekòl la. CCSC pa sèvi avèk rekonsans finansye pou rekrite elèv.

PWOESIS DEMANN ENSKRIPSYON AN

CCSC kòmanse aksepte demann enskripsyon chak otòn pou pwochen ane eskolè a. CCSC pap fikse ankenn dat limit pou demann enskripsyon ni tire ankenn lotri enskripsyon pou admisyon elèv pou ane eskolè k ap vini an anvan 1ye janvye, epi l ap fèmen pwoesis enskripsyon prensipal li a 15 mas pou pi ta chak ane. Tout dat limit pou soumèt demann enskripsyon nan lotri yo ap anonse omwen yon mwa anvan dat limit demann yo. Lekòl la ap aksepte demann enskripsyon jiska yon semèn anvan dat lotri a. N ap bay yon semèn preyavi anvan chak lotri enskripsyon. Yon demann enskripsyon nan lotri ranpli kòmsadwa, klè epitou prèv rezidans obligatwa pou antre yon elèv nan pwoesis lotri a. Si sa ta rive pou lekòl la resevwa demann enskripsyon apre dat limit ki pibliye a, n ap kenbe demann sa yo nan biwo lekòl la epi n ap mete yo nan pwochen lotri n ap pibliye a. Tout kandida yo dwe rezidan Masachousèt nan moman demann enskripsyon an, epi yo dwe rete rezidan Masachousèt pou yo ka elèv CCSC. Prèv rezonab rezidans aktyèl oswa estati frè/sè obligatwa nan moman yon òf admisyon fèt.

Konfòmeman a estati CCSC yo ak Lwa Masachousèt sou Lekòl Chatè, n ap admèt kandida nan lòd preferans sila a:

1. Rezidan Masachousèt ki gen frè/sè ki deja elèv CCSC. Frè/sè ki elijib se timoun ki gen yon menm paran, keseswa byolojik oswa pa adopsyon, avèk yon elèv ki enskri nan CCSC, epi ki rete nan eta Masachousèt nan dat limit demann enskripsyon an epi pandan yo lekòl CCSC. Timoun ki rete nan menm kay men ki pa gen ankenn menm paran ni byolojik ni adoptif pa konsidere frè/sè nan sa ki konsène lotri a. Nou defini yon elèv kòm "elèv aktyèl" lè li vin lekòl pandan omwen yon jounen konplè nan CCSC epi li rete enskri nan CCSC.
2. Rezidan Cambridge: Kandida ki rete nan limit vil Cambridge nan dat limit demann enskripsyon an.
3. Tout lòt rezidan Masachousèt: Kandida ki rete andeyò limit vil Cambridge, men nan eta Masachousèt nan dat limit demann enskripsyon an. Poutèt plafon eta a enpoze ki limite kantite elèv ki sòti Boston, gen elèv ki gen dwa rete nan lis atant Boston an alòske lòt elèv rete elijib pou admisyon.

Si gen mwens elèv ki antre nan lotri a disi dat ki deklare pou lotri a pase plas ki disponib yo, n ap otomatikman ofri yon plas nan lekòl la bay elèv sa yo ki ranpli demann nan. Nan ka gen mwens plas pase kandida ki elijib, n ap aksepte elèv pou admisyon grasa yon pwoesis lotri. Lekòl la ap kontinye pwoesis enskripsyon an pou chak ane, si sa nesesè, jiskaske klas yo plen nan ane sa a. Tout pwoesis ki obligatwa pou lotri a ap respekte yon fason estrik pou chak lotri ki tire. Lè gen plas ki vin disponib

pandan ane eskolè a, yon lekòl gen dwa repete pwosesis enskripsyon an pou ranpli plas sa yo ak respekte egzijans G.L. c. 70, § 89(n). 603 CMR 1.05(8) yo. CCSC sèvi avèk yon jeneratè chif aleyatwa sou òdinatè pou tire yon nimewo idantite lotri inik pou chak kandida. Paran/gadyen yo te mèt kontakte lekòl la pou yo konn nimewo idantite lotri pitit yo yon jou ouvrab anvan lotri a.

Lotri a fèt an piblik nan sal 202 biling ki nan 245 Bent Street, Cambridge, MA 02141 an. Lotri a ap fèt elektwonik, epi yon pati net ap sètifye pwosesis la pa gen paspouki epi ke chwa a aleyatwa. Tout kandida ki chwazi pou CCSC yo ap resevwa nouvèl la pa kourye oswa pa telefòn. Paran/gadyen yo dwe aksepte enskripsyon an alekri anvan de semèn apre dat notifikasyon an. Lekòl la ap an kontak avèk fanmi yo pa telefòn ant dat notifikasyon an ak dat limit pou aksepte a pou fè fanmi yo sonje gen yon òf enskripsyon yo te voye nan adrès lakay yo. Si yo pa aksepte enskripsyon an anvan dat limit pou aksepte a n ap ofri plas la bay pwochen kandida ki sou lis atant la. Prèv rezonab rezidans aktyèl oswa estati frè/sè nesesè lè òf admisyon an fèt.

Elèv sa yo ki, si yo enskri nan lekòl la, ap lakòz distrik ki voye yo a depase plafon ekolaj la pa gen dwa resevwa òf admisyon, men y ap rete nan lis atant la. Elèv plafon ekolaj la aplike pou yo, men ki se frè/sè elèv aktyèl lekòl la, gen dwa enskri epi fè eta a peye ekolaj yo, si gen fon rezève pou sa.

Plan Devlòpman

CCSC gen limitasyon eta a enpoze sou kantite elèv ki kapab vin nan lekòl chatè a sòti nan yon sèten vil. An patikilye, lekòl la limite a 300 elèv pou pi plis ki sòti Cambridge antou. Lekòl la pa kapab pran plis pase 20% nan elèv li nonplis nan Boston disi FY2020. Nan dat jen 2015, kòm kò elèv CCSC a gen ladan plis pase 20% elèv ki sòti Boston, CCSC pwal limite enskripsyon novo kandida ki se rezidan Biston a pa plis pase 15% plas ki disponib yo chak ane, eksepte pou frè/sè yon elèv aktyèl CCSC. Sa vle di elèv Boston yo gen dwa rete nan lis atant la alòske lòt elèv rete elijib pou admisyon, jiskaske pa gen plis pase 20% elèv ki rezidan Boston disi FY20.

Kantite total elèv ki nan yon lekòl chatè yon sèten ane eskolè pa kapab depase kantite total elèv ki nan rapò anvan enskripsyon lekòl la ki soumèt bay Depatman an nan prentan anvan an konfòmeman a 603 CMR 1.08(5) ak kantite total elèv ki presize nan plan devlòpman nan estati lekòl la.

POLITIK LIS ATANT LA

Si kantite kandida pou yon sèten ane, ki satisfè kritè admisyon yo pou ane sa a, depase kantite plas ki disponib yo, n ap mete kandida sa yo nan yon lis atant pou ane sa a nan lòd nimewo lotri aleyatwa yo a (n ap pran an konsiderasyon frè/sè ak preferans pou rezidan.) Poutèt plafon eta a enpoze ki limite kantite elèv ki sòti Boston yo, gen elèv ki gen dwa rete nan lis atant Boston an alòske lòt elèv rete elijib pou admisyon.

Si yon elèv kite CCSC oswa refize admisyon, n ap ofri premye elèv ki sou lis atant la pou ane sa a plas la pa telefòn oswa pa ekri, selon pwoesis lotri ki pi wo a. Pa gen elèv k ap resevwa admisyon anvan lòt elèv ki elijib ki te deja sou lis atant la pandan yon pwoesis enskripsiyon anvan sa, eksepte nan ka kote preferans enskripsiyon yo chanje oswa jan sa dekri nan 603 CMR 1.05. Si elèv nou admèt la refize oswa pa reponn òf enskripsiyon an disi dat limit nou bay la, n ap retire l nèt nan lis atant la epi l ap gen pou li refè demann admisyon an si l swete vin CCSC nan lavni. Lis atant la pa konsève chak ane. Si yon elèv ki kite CCSC swete retounen CCSC, li dwe refè demann admisyon an.

CCSC ap kenbe dosye kòrèk lis atant la ki gen non (non batèm, dezyèm non, siyati), dat nesans, vil rezidans, ak ane elèv ki te antre nan lotri a men ki pat jwenn admisyon.

Si, apre ane eskolè a kòmanse, yon elèv ki nan 6yèm, 7yèm, 8yèm oswa 9yèm ane sispann vin nan lekòl la poutèt nenpòt ki rezon, lekòl la ap eseye ranpli plas lib yo jiska 15 fevriye. Tout plas lib ki pa ranpli apre 15 fevriye ap monte nan ane ki vin apre a, si ane sa a pa ni 10yèm, ni 11yèm, ni 12yèm. Plas pou elèv ki aksepte yon òf nan lekòl chatè a men ki pa janm vini pa fè pati règ sa a. Lekòl la ap kenbe lis atant la sèlman pou ane eskolè elèv la te aplike pou li a. Apre 15 fevriye nan yon sèten sik demann enskripsiyon, tout demann ki sou lis atant la anile. Elèv ki swete yo konsidere yo pou ane k ap vin apre a dwe refè demann enskripsiyon ak re-antre nan pwoesis lotri a.

ELÈV K AP KONTINYE

Elèv ki deja enskri nan CCSC pa bezwen refè demann ni re-enskri. Si yon elèv ki enskri pa vin lekòl, n ap aplike politik ak pwoesi ki gen pou wè avèk prezans yo.

DIVILGASYON ENFÒMASYON SOU ELÈV

Community Charter School of Cambridge ap genyen epi ap egzekite yon plan pou rekrite ak kenbe elèv jan sa rezime nan M.G.L Chapit 71, Seksyon 89(f); CMR 603 1.05(f). CCSC respekte konfidansyalite elèv li yo ak fanmi yo donk nou pap bay pati eksteryè enfòmasyon sou elèv sòf si lalwa mande nou pou n fè sa. Konfòmeman a Lwa M.G.L. Chapit 71, Seksyon 89(g), CCSC ap bay yon ajans reklam dirèk eksteryè eta a apwouve lis adrès li a sou demann distrik eskolè vil kote CCSC ye a, sòf si paran an mande pou lekòl la pa bay enfòmasyon sou pitit li. Paran yo kapab soumèt demann sa a pa imel bay enrollment@ccscambridge.org oswa pa telefòn nan 617-354-0047. W ap jwenn enfòmasyon sa yo tou nan mànyèl pou elèv ak fanmi an.